



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AK MAJISTRA BLOOMBERG ANONSE PLANIFIKASYON YON MONIMAN PÈMANAN ANLONÈ TRAVAYÈ SEKOU AK REKIPERASYON GROUND ZERO YO NAN 9/11 MEMORIAL

Gouvènè Cuomo, Prezidan Konsèy 9/11 Memorial la Michael R. Bloomberg, ansyen animatè 'Daily Show' a Jon Stewart ak 9/11 Memorial & Museum ap travay pou reyalize yon omaj k ap pote sansibilizasyon kriz sante 11 Septanm nan tou

Eta New York, atravè afilye li yo, ak Bloomberg Philanthropies pran angajman ansanm pou yo finanse pwojè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Prezidan Konsèy National September 11 Memorial & Museum nan Michael R. Bloomberg avèk Manm Konsèy Jon Stewart te anonse jodi a pwojè pou konstriksyon yon moniman pèmanan nan 9/11 Memorial pou rekonèt sekou ak rekiperasyon nan Ground Zero. Eta New York, atravè afilye li yo, ak Bloomberg Philanthropies pral bay soutyen ak finansman pou moniman pèmanan an ki pral sitiye nan Kleryè Memoryal la (Memorial Glade). Depi plizyè mwa, manm direksyon Memorial and Museum yo ap reflechi sou kreye yon espas ak yon pasaj pyeton komemoratif pou rekonèt travayè sekou ak rekiperasyon yo. Kleryè a se espas kouvri ak gazon an ki nan kwen sidwès plas 3 ekta ki toupre Pyebwa Sivivan an (Survivor Tree).

“Kenzan apre 11 Septanm, nou toujou santi doulè a ap pèt la kòm si se te yè”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo omaj sa a pral yon rapèl touchan devouman ak kouraj premye entèvenan nou yo, ki reprezante pi bon Nouyòkè yo, epi l ap garanti nou pap janm bliye sakrifis yo.”

Memorial and Museum pral mennen planifikasyon, desen ak konstriksyon moniman an avèk achitèk Memorial yo, tankou Michael Arad. Moniman an ap ajoute sou ekspozisyon ak pwogram ki la deja yo k ap egzamine enpak dezast 11 Septanm nan te genyen sou sante moun ki te ekspoze yo, pami yo premye entèvenan yo, travayè yo, sivivan yo, rezidan yo ak lòt moun.

Prezidan Konsèy National September 11 Memorial & Museum nan Michael R. Bloomberg, 108yèm majistra Vil New York la, ki te mennen revitalizasyon pati sid Manhattan nan apre 11 Septanm, te deklare, “Plizyè milye moun te konvèje sou sit

World Trade Center a touswit apre atak yo pou montre lemond yo pat arive bat vil nou an ak peyi nou an. Nou dwe gason ak fanm rekiperasyon sa yo yon gran dèt rekonesans epi yo merite yon omaj apwopriye pou kouraj yo, sakrifis yo ak bravte yo.”

Gouvènè Cuomo, manm fanmi viktim 11 Septanm yo, defansè kòz sante 11 Septanm yo ak lòt moun toujou ap prete soutyen yo. Gouvènè Cuomo pran angajman depi lontan pou li garanti moun k ap souffri anba maladi ki gen pou wè avèk 11 Septanm yo kapab jwenn resous yo bezwen yo. Sa gen ladan lejislasyon li te siyen an ki te bay 9 milyon dola èd leta pou travayè 11 Septanm k ap souffri pwoblèm sante epi ki te bay travayè yo ak benevòl yo plis tan pou yo te kapab jwenn plis endanmnite aksidan travay, rant enfimite ak garanti nan ka lanmò pa aksidan.

Jon Stewart, ki se depi lontan yon defansè kòz sante 11 Septanm nan ak yon manm Konsèy 9/11 Memorial & Museum, te deklare, “Anpil nan travayè sekou ak rekiperasyon yo ap di ou yo te entèveni nan Ground Zero poutèt yo te santi se te devwa yo pou yo aji. San konsiderasyon pou pwòp sante ak byennèt pa yo ak san yo pa mande yo rekonèt yo, gason ak fanm sa yo te jwe yon wòl esansyèl nan ede nou tout nan New York ak nan tout peyi a rekanpe sou pye nou. Jodi a plizyè milye moun ap viv avèk maladi grav epi y ap mouri a yon ritm enkyetan. Mwen kontan anpil dèske sa ap fèt finalman, dèske moniman sa a pral ba yo rekonesans nou dwe yo a.”

Manm Konsèy 9/11 Memorial & Museum Lee Ielpi, ki gen pitit gason li ki te ponpye, Jonathan Ielpi, ki te mouri 11 Septanm, te rive nan World Trade Center yon ti moman apre dezyèm bilding nan te tonbe a epi li te retounen chak jou pou ede nan operasyon sekou ak rekiperasyon yo. Kòm tradisyon an mande l nan FDNY, kote Ielpi te sèvi pandan plis pase 25 lane, li te travay pandan plis pase nèf mwa pou eseye rekipere tout moun ki te mouri yo, pami yo pitit gason li an nan Eskwad 288 FDNY.

Lee Ielpi, ki se prezidan 9/11 Tribute Museum tou, te deklare, “M espere kote sa a ki dedye a refleksyon pral ede ofri yon santiman lapè ak ede garanti n ap toujou sonje gason ak fanm sa yo pou bann sakrifis yo fè yo. Souvni tan yo pase isit la ak efè dirab li pa febli. Angajman nou anvè yo pa febli nonplis.”

Prezidan FealGood Foundation John Feal te deklare, “Mwen santi mwen plen imilite ak respè pou ti wòl m ap jwe a nan ede 9/11 Memorial & Museum garanti yo pap janm defòme listwa epi y ap rakonte kòrèkteman sitiyasyon difisil tout entèvenan 11 Septanm yo. Konstriksyon yon moniman pèmanan ki pi byen reprezante non sèlman vil nou an men ewo nasyon nou an sou tè sakre sa a, se yon fason pou konfime valè zak ewoyik moun avèk oswa san inifòm yo ki bay yon gran pati nan tèt yo madi maten terib sa a, epi k ap kontinye bay tèt yo jouk jodi a.”

Prezidan ak Direktè Jeneral National September 11 Memorial & Museum Alice M. Greenwald te deklare, “Lè tou yo te fin tonbe, epi anvan nyaj pousyè a te fin poze, gason ak fanm ak plen bravte remakab sa yo te riske lavi yo, ak lasante yo, lè yo te patisipe nan entèvensyon an ak ede kòmanse pwosesis rekiperasyon an. Nou dwe toujou sonje sa yo te sipòte nan kontrekou atak yo pandan yo t ap pare chimen pou vil sa a ak peyi nou an kapab rebati.”

Direktè Egzekitif 911 Health Watch Benjamin Chevat te deklare, “Chak jou,

entèvenan ak sivivan ki soti nan tout eta nan peyi a epi ki te blese ak malad 11 Septanm kontinye oblije fè fas a efè toksin yo te ekspoze a yo nan Ground Zero a sa fè plis pase kenzan, genyen sou sante yo. Kounye a gen plis pase 77,000 entèvenan ak sivivan 11 Septanm k ap patisipe nan Pwogram Sante World Trade Center a. Plis pase 39,000 nan yo gen omwen yon pwoblèm sante ki gen pou wè avèk 11 Septanm, epi plis pase 6,000 nan yo gen yon kansè ki gen pou wè avèk 11 Septanm. Gen anpil nan yo ki andikape nèt poutèt blesi yo, epi gen twòp nan yo ki mouri poutèt blesi sa yo, tankou Ponpye FDNY Ray Pfeifer ki, apre yon konba byen long, sot mouri lòt jou la a poutèt kansè 11 Septanm li an. Lè yo tabli yon moniman pèmanan sou plas National 9/11 Memorial la ki raple peyi a etandi kriz sante sa a anpil moun ap fè fas a li a, se yon omaj apwopriye a entèvenan tankou Ray ak plizyè milye lòt moun tankou li yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo, Prezidan Konsèy 9/11 Memorial la Michael R. Bloomberg ak Manm Konsèy Jon Stewart pou lidèchip yo nan efò sa a.”

Jodi a, Memorial and Museum pral onore gason ak fanm ki te patisipe nan efò sekou ak rekiperasyon nèf mwa a nan kad yon omaj k ap dire yon semèn pou komemore 15yèm anivèsè 30 Me 2002, ki te make fen fòmèl operasyon rekiperasyon yo nan World Trade Center. Omaj la gen ladan yon seremoni espesyal nan Mize a toupre Dènnye Kolòn nan (Last Column), dènnye poto asye yo te retire nan Ground Zero a lè operasyon rekiperasyon yo te fini. Apre yon moman silans pou sonje moun ki mouri yo poutèt maladi ki gen pou wè avèk 11 Septanm, evènman an ap fini avèk patisipan yo ki pral mare riban nan baz Dènnye Kolòn nan.

Pou plis enfòmasyon sou semèn pwogram ak aktivite komemoratif yo tanpri vizite 911memorial.org.

Enfòmasyon sou National September 11 Memorial & Museum

National September 11 Memorial & Museum se yon òganizasyon ki pa gen bi fè pwofi ki sipèvize fonksyonman 9/11 Memorial ak 9/11 Memorial Museum. Memorial and Museum, ki sitiye sou twa nan 6.5 ekta sit World Trade Center a, sonje ak onore 2,983 moun ki te mouri yo nan atak terib 11 Septanm 2001 ak 26 Fevriye 1993 yo. Plas Memorial la gen ladan de pisin ki reflechi limyè ki fòme nan anprent Tou Marasa ki te la anvan yo epi yo gen pye bwadchèn bikolò ki antoure yo. Mize a ekspoze plis pase 900 bagay pèsonèl ak moniman epi koleksyon li a gen ladan plis pase 60,000 atik ki reprezante istwa pèsonèl pèt, konpasyon, apresyasyon ak rekiperasyon ki gen pou wè avèk evènman 11 Septanm yo ak kontrekou a. Mize a explore tou enpak global 11 Septanm nan ak enpòtans li kontinye genyen gras a pwogram edikatif, pwogram piblik, konferans ak fim ki kouvri sijè aktyèl ki fèt pou diferan piblik. Pou plis enfòmasyon oswa pou rezève yon tikè pou al nan 9/11 Memorial Museum, tanpri vizite 911memorial.org.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418